



BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Hubungan antara manusa jeung lingkunganana dicukangan ku kabudayaan anu hirup dina kahirupan manusa éta sorangan. Dina adat istiadat anu ragem di unggal sélér bangsa di Indonesia, aya anu disebut ritus atawa upacara anu biasa dilakukeun dina sajeroning lalampahan manusa dina hirup kumbuhna sapopoé.

Ciri husus dina kabudayaan bisa katémbong dina kahirupan anu béda-béda, tapi bisa ogé masarakat nganut hiji téma budaya anu husus (Koentjaraningrat, 1990: 263).

Sedengkeun kabudayaan nurutkeun Tylor anu dicutat ku Harsojo (1998: 6), nyaéta:

“Kebudayaan adalah salah satu kesatuan yang kompleks, yang di dalamnya terkandung pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat istiadat dan berbagai kemampuan lain serta kebiasaan yang didapat oleh manusia sebagai anggota satu masarakat”.

Dina lalampahan hirupna di dunya, manusa téh ngaliwatan sababaraha tahapan *inisiasi*. Éta tahap *inisiasi* téh mangrupa hiji sarat keur asup kana hiji komunitas sosial, anu salawasna nyampak luyu jeung waktu anu dilakonanana. Lalampahan hirup téh biasana sok dicirian ku sababaraha hal anu jadi moméntum keur dirina atawa kulawargana.

Ciri *inisiasi* keur masarakat Indonesia umumna jeung masarakat Sunda hususna nétélakeun ayana upacara-upacara anu aya pakuat-pakaitna jeung kahirupan. Upacara *inisiasi* ieu téh enas-enasna mah mangrupa hiji cara anu dilakukeun ku manusa pikeun ngébréhkeun rasa sukur, du'a, tur pangharepan ka Pangéranna.

Ritus atawa upacara anu aya, biasana raket patalina jeung kajadian-kajadian anu dianggap luar biasa, anu dianggap kacida penting tur mibanda ajén sajarah dina kahirupanana, saperti dina acara tujuh bulanan (anu kakandung), ngalahirkeun, méré ngaran budak waktu puput puseur, nyunatan, kawinan, jeung dina prosési anu kapaténan. Biasana kagiatan ritus atawa upacara samodél kitu téh teu weléh dibarengan ku émosi kaagamaan, jeung ku sabab éta, biasana sifatna sakral.

Aya jeung lumangsungna ritus (upacara) téh dina enas-enasna mah dikasang tukangna ku ayana kapercayaan jeung kayakinan yén di alam (makrokosmos) ieu aya kakuatan “adikodrati” atawa supranatural. Ritus (upacara) réligi sacara universal dina enas-enasna mah miboga fungsi minangka aktivitas anu tujuanna pikeun ngaronjatkeun sumanget kahirupan sosial jeung papada warga masarakat (Van Gennep, dina Maésyaroh, 2004: 2).

Teu béda jeung daérah Sunda séjénna, prosési kawinan téh sok ngaliwatan sababaraha tahapan. Tapi aya hal anu béda di masarakat Cibingbin Kabupatén Kuningan mah. Di éta wewengkon, upacara kawinan téh dibarengan ku ayana prosési pamasrahan Bedog Wali anu dipasrahkeun ku pihak pangantén lalaki ka pihak pangantén awéwé.

Dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan ogé leubeut ku hal-hal anu patali jeung kabudayaan, hususna kabudayaan Sunda. Koentjaraningrat (1990: 203-204), nétélakeun yén unsur budaya téh ngawengku: (1) sistem réligi, (2) sistem organisasi kamasarakatan, (3) sistem pangaweruh, (4) basa, (5) sistem kasenian, (6) sistem pakasaban, jeung (7) sistem pakakas jeung téknologi. Tah, dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan, mibanda sabagian unsur budaya saperti anu disebutkeun di luhur, anu patali jeung sistem pakakas katut téknologi, sistem pakasaban, jeung sistem réligi.

Éta bedog anu dipaké dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan téh mangrupa salasihiji bagian anu patali jeung unsur sistem pakakas jeung téknologi anu biasa digunakeun dina pakasabanana.

Sacara lahiriah, ritus atawa upacara téh miboga wangun anu béda-béda. Ieu hal téh nétélakeun ayana *ciri sabumi cara sadésa, jawdah tutung biritna, sacarana-sacarana*. Dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan ogé sarua, aya hal-hal anu jadi ciri anu ngabédakeun jeung prosési kawinan di daérah séjénna. Kagiatan tradisi anu aya minangka nuluykeun tatali paranti anu geus aya ti baheulana. Hal éta biasana tara dibarengan ku pangaweruh ngeunaan maksud katut eusina. Nya kitu deui dina prosési pamasrahan bedog wali dina prosési kawinan di masarakat Cibingbin Kabupatén Kuningan, boh warga masarakat boh individu anu ngalakonana jarang anu weruh kana ma'na jeung pimaksudeun bedog wali.

Lamun dilenyepan, ngaliwatan bedog wali anu dipasrahkeun dina prosési kawinan éta ngandung ajén filosofi jeung atikan anu luhung anu hayang ditepikeun.

Kiratana, bedog téh ébréhan tina kecap *dibebed ngarah ngajedog*. *Bebed* atawa *ngabebed* pihartieunana nyaéta meungkeut beungkeutan gedé, sedengkeun *ngajedog* pihartieunana nyaéta cicing atawa hanteu ka mamana. Lamun disurahan singhoréng bedog wali téh minangka pameungkeut lalaki keur awéwé pipamajikaneunana, yén di mana geus dilaksanakeun akad minangka pameungkeut téa, sagemblengna éta awéwé téh jadi hak milik anu sah salakina.

Awéwé anu geus sah jadi pamajikan kudu tuhu jeung ngawula ka salakina. Ulah rék nyoba-nyoba nyolowédor, cindekna kudu “peureum” teu meunang boga haté deui ka lalaki lian sok sanajan éta lalaki téh leuwih alus martabat boh rupana boh pangabogana batan anu jadi salaki. Nyawang kana hal éta, sacara filosofi masih réa hal-hal anu can kapaluruh. Nya hal éta pisan di antarana, anu ngahudang karep panyusun pikeun nyurahan hal-hal anu nyangkaruk dina siloka bedog wali malah mandar naon anu hayang ditepikeun ku kolot baheula bisa katarima ku individu-individu anu ngalakonanana. Panalungtikan anu maluruh kana filosofi prosési bedog wali sakaterang panyusun can kungsi aya anu maluruh. Ku lantaran kitu, bedog wali anu jadi ciri khas/mandiri dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan, dianggap penting pikeun diguar kasang tukang katut ajén-inajén falsafah anu aya di jerona.

1.2. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditepikeun di luhur, ieu panalungtikan téh diwatesanan ngan nalungtik kana ajén falsafah bedog wali dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan. Salian ti éta, saeutik gedéna baris dipaluruh ogé ngeunaan kasang tukang bedog wali jeung prosési kawinanan éta sorangan.

1.3. Rumusan Masalah

Sangkan leuwih jéntré, masalah-masalah anu baris dipedar dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina wangun patalékan-patalékan saperti anu disebutkeun di handap ieu.

1. Kumaha prak-prakan prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan téh?
2. Naon anu jadi kasang tukang ayana bedog wali téh?
3. Ajén falsafah naon waé anu nyampak dina bedog wali disawang tina falsafah Islami jeung Sundawi?

1.4. Tujuan Panalungtikan

1.4.1. Tujuan Umum

Panalungtikan ngeunaan ajén falsafah bedog wali dina prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan miboga tujuan geusan numuwuhkeun jeung ngariksa budaya anu aya di masarakat.

1.4.2. Tujuan Husus

Tujuan husus anu hayang dihontal nyaéta:

1. ngadéskripsikeun prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan;
2. ngadéskripsikeun sajarah bedog wali; jeung
3. ngadéskripsikeun ajén falsafah anu nyampak dina bedog wali disawang tina falsafah Islami jeung Sundawi

1.5. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadéskripsikeun prosési kawinan di Kacamatan Cibingbin Kabupatén Kuningan, kasang tukang bedog wali, sarta bisa maluruh ajén-ajén falsafah anu nyampak dina bedog wali disawang tina falsafah Islami jeung Sundawi.

1.6. Anggapan Dasar

Sababaraha hal anu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh saperti anu disebutkeun di handap ieu.

1. Sacara lahiriah ritus atawa upacara téh miboga wangun anu béda-béda.
2. Bedog wali miboga ajén falsafah anu luhung?
3. Tradisi atawa adat kabiasaan ngan saukur dilakukeun pikeun nuhun anu tali paranti anu geus aya bari jeung teu dibarengan ku pangaweruh maksud jeung tujuan katut mangpaat anu hayang ditepikeunana.

1.7. Wangenan Operasiaonal

Sangkan ieu panalungtikan leuwih jéntré tur babari ngalaksanakeunana, harti istilah-istilah anu patali jeung panalungtikan di antarana nyaéta:

1. ajén. Nurutkeun KUBS hartina nyaéta pangaji atawa harga,
2. falsafah. Nurutkeun KBBI (idem) mibanda harti *(1) gagasan; (2) sikap batin yang paling dasar yang dimiliki oleh orang atau masyarakat; (3) pandangan hidup,*
3. bedog. KUBS nétélakeun yén bedog nyaéta parabot (pakarang) paranti ngadék,
4. wali. Nurutkeun kamus umum basa Sunda nyaéta (1) kapala; (2) anu tanggung jawab (3) bapa atawa gaganti bapa anu ngabogaan hak ngawinkeun awéwé. Wali anu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta harti anu katilu, bapa atawa gaganti bapa anu ngabogaan hak ngawinkeun awéwé,
5. bedog wali, nyaéta bedog anu dipasrahkeun ti pihak pangantén lalaki ka wali pangantén awéwé dina prosési kawinan, jeung
6. prosési. Nurutkeun KBBI (idem), nyaéta *pawai khidmat (perarakan) dalam upacara kegeréjaan (perkawinan dsb).*